

Leta Florid otorize tout lekòl-yo nèt pratike Egzèsis Alèt Wouj (Code Red Drills) nan bi asire sekirite elèv ak estaf-nou-yo. Egzèsis Alèt Wouj va fèt chak mwa, menm jan ak egzèsis pou lè gen dife. Nou pap anonse alavans dat egzèsis-la akòz pwoblèm sekirite posib ak pou evite pwoblèm absans jou sa.

Apeprè 20 minit anvan egzèsis-la lekòl-la va voye bay chak fanmi mesaj atravè Parent Link, nan telefòn, tèks mesaj, ak/oswa imel, pou alète tout moun se sèlman yon egzèsis k'ap fèt. Tanpri pa kontakte pitit-ou diran Egzèsis Alèt Wouj paske li enpòtan pou tout elèv-yo konnen pwosedi sekirite ki anplas nan ka yon sitiyasyon emèjenssi/ijans.

Lekòl-la va voye yon dezyèm mesaj ki va avèti chak fanmi egzèsis-la fini. Pwofesyonèl swen sante mantal ak pèsonnèl sekirite va prezan sou kanpis-la pou ede elèv ak pwofesè-yo, lè sa nesesè.

Plizyè sèvis disponnib nan lekòl-nou-yo, nan distri-a epi kominote-a. Tanpri vizite sit browardschools.com/bcrc pou w jwenn resous-yo ak kontak enfòmasyon pou asistans adisyonnèl.